

**PANGAJARAN NULIS SURAT DINAS KALAWAN NITĒNAN STRUKTUR,
EUSI, JEUNG BASANA NGAGUNAKEUN MODĒL THINK-TALK-WRITE
DI KELAS VII SMP PGII 2 BANDUNG TAUN PANGAJARAN 2016/2017**

ku

NURLAELA

NIM 135030022

RINGKESAN

Dina pangajaran basa Indonesia murid diwajibkeun nyandak opat kaahlian, nyaéta kaahlian nulis, maca, ngaregepkeun, jeung nyarios. Dina kurikulum 2013 murid kelas VII diwajibkeun ahli dina nulis surat dines. Panalungtikan anu mibanda jejer “Pangajaran Nulis Surat Dinas kalawan Ngagunakeun Model Think-Talk-Write nu Dilaksanakeun pikeun Murid Kelas VII SMP PGII 2 Bandung Taun Pangajaran 2016/2017” ngandung tujuan pikeun nganyahokeun efektif jeung henteuna model think-talk-write nu dipakè dina pangajaran nulis surat dinas. Rumusan masalah anu diajukeun ku panyusun dina ieu panalungtikan tèh nyaéta, (1) Naha panyusun sanggup tur bisa ngarencanakeun, nerapkeun tur méré ajénan dina pangajaran nulis surat dinas kalayan niténan struktur, eusi, jeung kabasaan anu ngagunakeun modél think-talk-write ka murid kelas VII SMP PGII 2 Bandung? (2) Naha murid kelas VII SMP PGII 2 Bandung sanggup tur bisa ngalaksanakeun ieu pangajaran nulis surat dinas kalayan nitenan struktur, eusi, jeung kabasaan anu bener tur merenah? (3) Naha efektif atawa henteu modél think-talk-write ani dipakè dina pangajaran nulis surat dinas kalayan niténan struktur, eusi, jeung kabasaan pikeun kelas VII SMP PGII 2 Bandung? Anapon hasil tina ieu panalungtikan tèh nyaéta: (1) Panyusun sanggup ngarancanakeun, nerapkeun tur mere ajèn kana pangajaran nulis surat dinas kalawan niténan struktur, eusi, jeung kabasaan dumasar modél think-talk-write di murid kelas VII SMP PGII 2 Bandung. Hal ieu dibuktikeun tina rata-rata hasil pangajèn, parancanaan, katut lumangsungna pangajaran, nyaéta 3,03. (2) Murid kelas VII SMP PGII 2 Bandung sanggup nulis surat dinas kalawan niténan struktur, eusi, jeung kabasaan dumasar modél think-talk-write. Hal ieu dibuktikeun tina nilai rata-rata pretes 33 tur nilai rata-rata postes 84 anu ngandung harti aya paningkatan 51 atawa sababad jeung 15, 81%. (3) Model think-talk-write nyata efektif dipake dina pangajaran nulis surat dinas. Hal ieu dibuktikeun kalawan hasil pangitungan statistika anu hasilna $t_{hitung} > t_{tabel}$ nyaéta $30 > 29,1$ dina taraf signifikan 0,5% tingkat kapercayaan 95% darajat kabèbasan 30. Dumasar ieu fakta, panyusun bisa nyimpulkeun yèn sakabèh hipotèsis anu dirumuskeun dina ieu panalungtikan bisa ditarima.

Kecap konci: Pangajaran, nulis, surat dinas, modél think-talk-write.